



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KONTINYE ANGAJMAN LI ANVÈ EVAKYE AFGAN YO NAN OUVRI OPÒTINITE EDIKATIF AK LOJMAN PANDAN L AP RASANBLE PATNÈ LOKAL YO POU FOUNI RESOUS IMEDYAT POU EVAKYE KI NAN BEZWEN YO

Nan efò pou ede refijye yo rete nan New York, Gouvènè Hochul anonse SUNY pral ouvri sant opòtinite edikasyonèl pou refijye yo lè yo anile kondisyon rezidans pou admisyon yo nan objektif pou bay kou ESL gratis ak sètifikasi pou konekte yo ak opòtinite travay lokal yo

Patnè SUNY Buffalo State College pral rezève espas dòtwa ki pa itilize pou lojman tanporè epi li bay laptop siplemantè sou sit la

SUNY ap travay pou delivre òdinatè amplis nan objektif pou aksesde ak pwogram edikasyon pou moun ki evakye yo toupatou nan Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a patenarya ak resous pou bay yon refij san danje pou Afgan ki evakye nan Eta New York yo, ki gen ladan resous edikasyonèl ak lojman tanporè pou sipòte evakye yo pandan y ap chèche reyentegre yo nan Etazini an.

"Nou ka fè fas ak defi jodi a ak demen yo avèk konpasyon, imajinasyon, ak kouraj, e gen anpil resous toupatou nan Eta a pou bay Afgan ki evakye yo yon demaraj solid isit la nan Ezetazini." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a se yon apèl ak aksyon, pou soutni istwa fyè eta nou an nan refijye evakye yo ki soti anba pèsekisyon ak vyolans. Vwayaj difisil ke dè milye Afgan te pran nan semèn ki sot pase yo se pa lafen, men pito kòmansman yon nouvo chapit ke nou ka ede yo ekri."

Lè li kwè epi ankouraje kontribisyon sivik imigran yo pote nan sosyete nou an, State University of New York (SUNY) pral louvri 10 sant opòtinite edikasyonèl li yo nan tout Eta New York pou refijye yo, anile kondisyon Eta New York pou rezidans pandan 1 ane pou admisyon an. Nenpòt moun ki evakye kapab, epi yo ankouraje yo, pou aplike pou kou gratis, pwogram sètifikasi ak pwogram kalifikasyon, ak konsèy pou chèche yon edikasyon apre lekòl segondè ak pou opòtinite travay ak konpetans. SUNY ap fè patenarya ak Keeping Our Promise ki baze nan Rochester, pou devlope kou espesifik pou sipòte popilasyon refijye sa a, tankou yon kou angle tankou yon dezyèm lang ki adapte pou moun kap pale Dari, Farsi, ak Pashto yo.

Kolaborasyon nan mitan founisè reyentegrasyon refijye yo ak pwogram federal ak eta tankou Pwogram Plasman ak Asistans Afgan (Afghan Placement and Assistance Program) Depatman Deta Ameriken (U.S. Department of State) an, Biwo Depatman Deta Eta New York pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans) yo, ak Biwo Sèvis pou Refijye Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pral esansyèl nan etabli yon pwosesis pou idantifye konpetans, fòmasyon, talan, ak orijin refijye endividiyèl yo ak bati plan pou edikasyon yo, bezwen fòmasyon, oswa kalifikasyon lisans pou sipòte antre yo nan mendèv New York la.

Pou ede ak bezwen lojman tanporè, kampis SUNY an nan Buffalo State College te asosye avèk ajans lokal yo pou rezève espas dòtwa vid pou lojman tranzisyonèl pou jiska 100 evakye. Buffalo State ak SUNY pral ofri tou laptop siplemantè bay evakye Afgan yo sou plas pou ede yo jwenn pwogram edikasyonèl yo. Li espere ke nenpòt moun ki gen laj 12 zan ak plis pral pran vaksen konplè kont COVID-19 anvan yo rive nan kampis Buffalo State la. Rive ak sipò evakye yo pandan y ap rezide tanporèman nan kolèj la pral kowòdone pa Buffalo United for Afghan Refugees, yon kowalisyon ki gen senk òganizasyon nan zòn Buffalo ki ap dirije efò reyentegrasyon rejyon an.

SUNY ap travay tou pou bay konpitè adisyonèl ke yo mete aleka pou etidyan potansyèl yo, pou ede sipòte reyentegrasyon evakye yo. Resous sa yo ta dwe itilize pou mete kanpe laboratwa enfòmatik nan bibliyotèk, biwo reyentegrasyon, oswa lokal yo toupatou nan eta pou ofri sèvis pou evakye yo.

Biwo pou Nouvo Ameriken an gen yon liy asistans ki kapab konekte imigran ak refijye yo avèk sèvis gratis yo atravè eta a. Nou kapab jwen liy asistans lan nan 1-800-566-7636 soti 9:00 a.m. jiska 8:00 p.m., lendi rive vandredi, eksepte jou fèt, avèk asistans ki disponib nan plis pase 200 lang.

Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la ap travay avèk founisè Plasman ak Asistans Afgan federal yo pou swiv arive evakye Afgan yo. Yo ka sèvi evakye Afgan yo nan kad pwogram ajans lan pou sèvis tankou asistans pou travay, oryantasyon kiltirèl ak aklimatasyon lekòl la jis pou site sa sèlman.

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Edikasyon siperyè publik pèmèt mobilite sosyal ak pwogrè sosyal e li fè pati misyon debaz nou pou ouvri pòt nou bay moun ki nan bezwen yo. Tout kominate SUNY an remèsyé Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan ouvri pòt New York pou evakye afgan yo. Nou pral fè pati nou an lè nou bay bon jan kalite opòtinite edikasyonèl pou yo ka fè pati rèv Ameriken an. Nou vin pi fò nan istwa yo ak eritaj yo, epi nou akeyi yo ak sekirite ak opòtinite."

Katherine Conway-Turner, ki se Prezidant Buffalo State College la, te deklare, "Kòm yon kolèj ki angaje nan jistis sosyal, divèsite, ak enklizyon, Buffalo State fè efò pou li vin yon fòs konstan epi ki gen konpasyon nan yon mond ki chaje ak dezòd ak enjistik. Nou te fè li yon pati nan misyon nou pou atenn kominate lokal, nasyonal ak mondal yo pou ede moun ki sòti nan tout orijin ak etnisite ki petèt ap soufri. Buffalo

State remèsyé Gouvènè Hochul ak Rektè Malatras paske yo trase chemen nan Eta New York pou akeyi ak sipòte moun sa yo nan vwayaj yo nan direksyon yon lavi miyò. Nou remèsyé tou Catholic Charities of Buffalo, International Institute of Buffalo (Enstiti Entènasyonal Buffalo), Jericho Road Community Health Center (Sant Sante Kominotè Jericho Road), Jewish Family Services (Sèvis Familyal Jwif), ak Journey's End Refugee Services (Sèvis Refijye Journey's End) pou tout efò yo pou akeyi moun sa yo nan rejyon nou an."

Jennifer Rizzo-Choi, Direktè Egzekitif Pwovizwa nan International Institute of Buffalo, te deklare, "Nou nan International Institute of Buffalo kwè ke Eta New York vin pi fò akoz imigran yo ak refijye yo, e misyon nou se reyentegre evakye yo pandan n ap bay yo sekirite, respè, diyite, edikasyon ak opòtinite travay. Nou remèsyé Gouvènè Kathy Hochul paske yo akeyi evakye Afgan yo ak bra ouvri, ak travay avèk patnè lokal yo tankou IIB pou inogire popilasyon sa a k ap vini an epi leve yo, ba yo yon nouvo kòmansman."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)